ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДОКI

№113 (22.271) ● 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Удэзыхьэхыу, шынагъуэншэу, зэпIэзэрыту Кавказ Ищхъэрэм гъащIэр щыэтегъэувэн

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм и Iуэхуэмкlэ Правительствэм и комиссэм и зэIушIэ Урысей Федерацэм и Премьер-министр Медведев Дмитрий дыгъуасэ Гроэнэ кьалэм щригъэкIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ кьагъэщIэрэщIэжа комиссэм хагъэхьа Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен.

ЗЭIУЩIЭМ кьыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр зытеухуар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм 2025 гъэ пщIондэ зегъэужьынымкIэ хэзыгъэгъуэтыжыну проектыр гъэхьэзырынырц. КьищынэмыщIауэ, тепсэльыхьащ туризмыр зэфIэгъэзэужьным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым. «Дэ ди кьалэнщ - ар псоми дэ зэхуэдэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу кьонэж - мы щIыналъэм и щытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зедгъэхъуэжьыну, удэзыхьэхыу, шынагъуэншэу, зэпIэзэрыту Кавказ Ищхъэрэм гъащIэр щыэтедгъэувэну, - жиIащ Урысейм и Правительствэм и Унафэщым. Кьыззэхуэсахэм абы кьалэн ящыщIащ дыз эрыт илъэсым и дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу КИФЩI-м и зыужьынигъэм теухуа кьэрал программэм елэжьыжу кьыхалъхьэну.

Кавказ Ищхъэрэм и турист Iэнатlэр егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ премьерым кьыхигъэщащ абы и курортхэм илъэс кьэс зыужьынгъэнхэу щыху мелуан 10-м нэблагъэ кьыззэрыгагъэблагъэн хуейр. Абы папщIэ хьэщIэщр котеджу щыху мини 100 зыщIэхуэн, бгы-лыжэ гъэзэгуу километр миным щигъу, бгым дэзыш къэIэтынIэу 200 мы-нэхь мащIэ, транспорт Iуэхутхьэбзэхэр зэфIагъэувэну кьапэщылIащ. Правительствэм и Унафэщым кьагурагъэIуащ а кьалэнхэр кьэрал мылькуиIэ зэрызэфIэмыкIынур, атIэ инвесторхэр кьыззэрыгашIэлапхъэр.

Медведев Дмитрий пщэрыльэ ящыщIащ экономикэ щIыналъэ щхьэхуэхэм хиубыдэ щIымрэ мылькумрэ юридическэу убзыхуныр зэфIэгъэкIыну, турист центрхэмрэ щIыхуэмрэ и щIынагъэншагъэр кьызэзэгъэпэщыну куэду зэхэт Iуэхугъуэхэр дунейпсо мардэм кьитIасэу зэхаГъэувэну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащ Iэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен «СНГ-м хэт къэралхэм я студентхэм я гъатхэр - Кавказым» къэрал зэхуаку фестивалым хэтхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪЭЗАР

2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м

Си ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Къэбэрдей-Балькъэрым и къалащхьэ Налшык илъэс куэд льандэрэ «Студент гъатхэ» щIыналъэ, урысейпсо фестивалхэр щIэх-щIэхыуэр кьыщызэрагъэпэщ. Мис иджыри ди деж щызэхуэсащ «СНГ-м хэт къэралхэм я студентхэм я гъатхэр - Кавказым» къэрал зэхуаку фестивалым хэтхэр. Налшык къэкIуащ ди Хэку ныбжьыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, апхуэдэу Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэкъэтэныгъэм хэт къэрал 12-м щыщ студент гупхэр. Ар щыхьэт тохьуэ щIалэгъуалэм я зэхьыхьэ гъуэгуанэм и щIэмрэ и щIыхьымрэ зэпымыууэ зэрыхьэхьуэм. Апхуэдэу ар и щыхьэтщ фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэм, зэрыщыту ди республикэм дзыхь ин кьызэрыхуащIым.

Иджыблагъэ ди хэкум и къэрал махуэшхуэр - Урысейм и махуэр - игъэльэпIащ. А гуфIэгъуэр дэнэ щIыпIи щагъэлъэпIащ ди лъэпкъыбэ къэралым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр зэрефIакIуэм, псоми я зэхуэдэ мурадхэр зэгъэхьулIэным хуэунэтIауэ Урысейм и щIыхубэр зэрызэкъуэувэм и дамыгъэм щIэту.

Ф?, XXI лIэщIыгъуэм и студентхэм я лIыкIуэхэм, зэман хьэлэмэтым фыщыпсэуну икIи фыщылэжьыну къыфхуихуащ. Къэралым къыщагъэпIэрэщIэж псэукIэм и Iэнатlэ псори. ЩIалэгъуалэм, псом япэу абы и пэрыт Iыхьэм - студентхэм - хэхуэу зыхащIэ гъащIэм и зэхъуэкIынымрэзэхэр. Фэращ Урысей къэралыщIэр зыухуэну къызыпщытыр. Фэращ абы дунейпсо утыкум щиубыдыну увыпIэр зыхуэдэнур зэлъытатар. Абы къыхокIуэ мылхьэнэшхуэ нIэщ ди студентхэм хабзэ нэхъыфIхэр зэрахъуэмэ, абы зэрызэрагъэужьым, иджырей купщIэкIэ ахэр зэрагъэнщIым.

ДапэкIи фIыр фи лъапIэу, гъащIэр фIыуэ флъагъуу фыщыт, щIэныгъэ зэвгъэгъуэт, фи зэхэщIыкIымрэ дунейеплъыкIымрэ зевгъэубгъу.

Ф?, ди щIалэгъуалэм, зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр, апхуэдэу щыщыгъкIэ, ди Хэкум и кьэкIуэнур зэрыгъэзэджэр ди фIэщ мэхъу.

Си гуапэу сыныводхьуэхьу, си ныбжьэгъу лъапIэхэ, «СНГ-м хэт къэралхэм я студентхэм я гъатхэр - Кавказым» къэрал зэхуаку фестивалыр кьызэрызэIуахьмкIэ икIи ехьулIэныгъэ фIэну, Iуэхуфlэр зэфIэзэгъэкIыну, гукъинэ дахэхэр мы зэхьыхьэм хэфхьну си гуапэщ.

Щхьэхуещагъэ халъхьакъым

КъБР-м и Iэтащхьэм Интернетым щиIэ сайтым иралъхьащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и мылькум хиубыдэ, кьатнтI хьу. Налшык кьалэм и Къэбэрдей уэрамым тет унэ №26-р зэраща щыкIэр кьызэрапщытам кьрикIуахэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен и унафэкIэ 2012 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьуэдзэ - КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм кьэрал кIэлъыныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Ксанаев Мурад и пашэу кьызэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым кьызэрилытамкIэ, къэрал мылькум хиубыдэ унэр щащэм абы пыщIауэ щыта кьулыкьущIэхэм Iуэхум щхьэхуещагъэ халъхьакъым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащ Iэ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м КъБР-м и Оперативнэ штабым иригъэкIуэкIащ «Гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексым и Iуэхущ Iэпхэм («Роснефть - Къэбэрдей-Балькъэр гъэсэныпхъэ компание» ОАО») террорист щIэпхъаджагъэхэр кьыщымыгъэхъуныжмкIэ зэпэщIэ щIэныгъэхэр Iуэхуэмрэ терроризм пэщIэтыныжмкIэ лэжьыгъэхэмрэ кьызэрыщызэрагъэпэщыну» командно-штаб еджэныгъэхэр. Ар Iыхьитlу зэпылудэу щыту.

Еджэныгъэм хиубыдэу гуп щхьэхуэхэм я унафэщIэхэр лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщыкIэм хурагъэджащ, апхуэдэу абы хэта органхэмра подразделенэхэмрэ лэжьыгъэ пыухыкIахэм щагъэгъуэзащ.

КъБР-м щыIэ Iуэхущ Iапlэхэмрэ цIыхухэмрэ гу зылъатапхъэ

2012 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къагъэхьын папщIэ газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щытрагъадэ зэманыр еух.

Фэ нэхъ фигу ирихь газетхэр, журналхэр кьевгъэхьын папщIэ иджыпсту почтамтхэм, пощтым и кьудамэхэм Iэ щыщIэрадз хъунущ. Абыхэм Iэ зыщIэрадза кьыдэкIыгъуэхэр и зэманым фи унэм ныфхуахьынущ е пощтым и Iуэхущ Iапlэхэм кьыщыватыжынущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзынырыр нужьрей дыдэ махуэм нэвмыгъэсу зэфIэзгъэкI.

КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлIейкIи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ Iапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

ЗэIущIэ гуапэ

Тэтрокъуэ Астемыр Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъафащ. *Сурэтыр* **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балькъэр радиор илъэс 85-рэ, республикэ телевиденэр илъэс 55-рэ зэрырикъуар мы махуэхэм Iэтауэ зигъэльэпIащ.

АБЫ и пэ кьихуэу а Iэнатlэхэм я лэжьакIуэ гупыщхуэм къэрал дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуагъэфэщащ.

Гулытэ зыхуащIахэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балькъэр» къэзыгъэлъагъуэ телевиденэ канал» къэрал Iуэхущ Iапlэм монтажымкIэ и режиссер Кущевэ Татьянэ, режиссер Сэралыр Самара, радиом адыгэбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхьэзыр и къудамэм и унафэщI Тэтрокъуэ Астемыр. КъБР-м и Iыхуфэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI Къумахуэ Мухьэдин Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту абыхэм вэсэмахуэ я Iуэхущ Iапlэм щаритыжащ. Къэрал комитетым и тхъэмадэм и псалъэр даIытыу, абы и къуэдзэкуэ Хьэгъарэ Джамилэ, Гыллыев Ахъмэт, «ВТК» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГУ-м и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Кумыщ Окса сымэ ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфащэхэми я лэжьыгъуэхэми гуапэу ехъуэхъуащ, дяпэкIи я творческэ Iэзагъымрэ зэфIэкIымрэ хагъэхъуэну зэращыгугъыр къыхагъэщащ.

ЗэIущIэ нэужьым къызэхуэсахэр я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэхъуэжащ, я мурадхэр зэхуаIуэтащ.

АРУАН Алий.

Зи псалъэхэмкIэ куэд зэфIэзыгъэкIхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым радио кьызэрыщыIэуахрэ илъэс 85-рэ, телевиденэр - 55-рэ зэрырикъум теухуа зэхьыхьэхэр Налшык кьалэ щрагъэкIуэкIащ.

РАДИОМРЭ телевиденэмрэ я лэжьакIуэхэм ехъуэхъуу, «Пластик» рок-гупым концерт щитащ Абхъазым и Утым. «Къэбэрдей-Балькъэр» кьэрал телерадиокомпаниемрэ и Iуэхущ Iапlэм кьыщызэIуахащ радиомрэ телевиденэмрэ я тхыдэм и музей.

ЗэIущIэ нэхъыщхьэр щекIуэкIащ Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм. Абы ягу кьыщагъэкIыжащ республикэм и радиомрэ телевиденэмрэ кьакIуэ гъуэгуанэ купщафIэр. Абы хьэщIэ лъапIэу кьрихьэлIат зи гугъу тщIы Iэнатlэхэм зэманым зэхуэмыдэхэм пэрыта нэхъыжьыфIхэр.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэм и хьэхъуэм щыIыхьым кьыщеджащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Уянаев Казым.** Абы итт: «Ди республикэмэ нэгъуэщI щIыпIэхэмэ кьыщыхьэу Iуэхугъуэшхуэхэр щIыхуэхэм я деж зэхэщIыкIыгъуэу нахьэсу кьэгъуэгурыдIуащ радиомрэ телевиденэмрэ. Ди щIыхубэм зиуэщIыным, республикэм щыпсэу льэпкъхэр зэжьэтрэ зэгурыIуэу псэуным икьукIэ хэльхьэныгъэшхуэ хуащIащ а Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм».

ФIыщIэ псалъэхэмкIэ радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакIуэхэм нэхъыжьыфIхэм захуитIэхащ «Къэбэрдей-Балькъэр» кьэрал телерадиокомпанием и унафэщI **Къэзанш Людмилэ.**

- Фэ хэфша гъуэгум нобэ дэ дрокIуэ. Шэч хэльысым а Iэнатlэхэм заужьыным фи гуащIэм кьищынэмыщIа, фигурэ фи псэрэ зэрыхэфлъхьам. Дыныводхьуэхьу узынщагъэрэ гъащIэ кьыхьрэ фIэну, - жиIащ абы.

ЕкъулIэныгъэщIэхэр яIэну Iэщ Iагъэлlэхэм ехъуэхъуащ Ипщэ, Поволжье, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм я кьэрал радиокомпаниеу 12-м я лIыкIуэхэр.

КЪЭНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

★★★

Бахьсэненкэмрэ Кьщ-пэкьмрэ мэкъуауэгъуэм и 16-м щыIэ уэшхыщхуэмрэ жьапщэмрэ зэраныгъэш-хуэхэр кьахьащ.

ХАДЭХЭКIРЭ пхъэщхьэмыщхьэу гектар 1,120-р Iисраф хьуащ. Абыхэм уаэзрыщыгугъыжьым щыIэкъым. МэкъумэщыщIэхэм ягъуэта хэщIыныгъэр сом мелуан 20-м ныэзэрохьэс.

Бахьсэненкэм дэт курыт еджапIэм и Iупльапlэр зэхикьутащ, щхьэIэкъым. Мэкъумэщыщ-латорэм и унащхьэр тричащ. Кьщпэкъым щыщу унагъуитIым я унэхэр зэхикьутащ, курыт еджапIэми ныкьусаныгъэ щхьэхуэхэр игъуэтащ.

Уэшхэрэ жьапщэхуэмрэ зэгуэуа унагъуэхэм я бжыгъэр иджыпсту ягъэбелджылы. ЗэрыуагъэфащэмкIэ, абыхэм я бжыгъэр 500-м ноблагъэ.

Кьуажэ унафэщIэхэр мы зэманым ныкьусаныгъэхэр гьэзэкIуэжьыным йоужьэрэкI. Гуэгубгъуэхэмрэ уэрэмэхэмрэ щрищыкIа жыгхэр Iуаш, уэшхыпсым кьрихьэха пхъэнкIийхэр Iуагъэкъбзыкl.

Уэлбанэм и Iэужьхэр гъэкIуэдыным техникэ щхьэхуэхэр ирагъэувэлIащ. Мехбригадэхэм кьуажэдэсхэр жьыджэру ядоIэпыкъу.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Бахьсэн куей

Уэлбанэ нэужьым

КъБР-м щыIэ Iуэхущ Iапlэхэмрэ цIыхухэмрэ гу зылъатапхъэ

Гъунапкъэхъуэмэхэр мэкIуасэ

Къэзахстаным и гъунапкъэхъуэмэ щыщкIуэ блыщхьэкIуам и пщэджьажьым кIуэдащ. Абыхэм я Iэнэр къагъанри, я щхьэщыфIэфIагъэкIэ къулыкъур ябгынащ.

Бжьыхьэ кIуам дзэм ираджа къэзахъ гъунапкъэхъуэмэхэр Китайм кIуэсауэ хуагъэфащэ. Апхуэдэу щIащIам и щхьэусыгъуэгу къалъытэ нэхъ пасэу къэкIыжу щIэныдзахэм лей кьытрагъэхьэу зэрыщытар.

ЩIалэхэм Iэужьхэр зэрахэмытыжым пщэдджьажьым жьыуэ гулъата пэтми, къэлъыхъуэныгъэхэм щыщIадзар пщыхьэщхьэращ. ЩIыгугъащ езыхэм кьагъэзэжьыну, арщхьэкIэ апхуэдэу кьыщымыхъум, Iуэхур хэIущIыIу ящIын хуей хъуащ.

Дунейпсо валютэ фондым зыщIагъакIуэ

Урысей Федерацэм Дунейпсо валютэ фондым доллар мелардищI хуиутIыпщынущ. Лос-Кабос щекIуэкI къэрал нэхъ лъэрызехьэ тIощым я зэхуэсым апхуэдэу щыкIащ УФ-м и Президент Путин Владимир и пресс-секретарь Песков Дмитрий.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, Урысейр ирогузавэ кризис куухэр къыщыхьуа мы лъэхъэнэм ахъщэшхуэ зэрытекIуэдам. Апхуэдиз мылькум щытыкIэр зыкIи иригъэфIакIуэркъым, «узым нэхъри зрегъэубгъу армыхьумэ». Зи экономикэр зэхэщэщж къэралхэм ират дэIэпыкъунигъэхэм ахэр егъэбгъэрыгъэ икIи хэкIыпIэ тэмэм кьалъыхьуну ирихулIэркъым.

Урысей Федерацэм Дунейпсо валютэ фондым доллар мелардитI 10 зэрыхухихынур мэлыжьыхь мазэм жиIауэ щытащ финансхэмкIэ министр Силуанов Анатолий. Псори зэхэту къэрал нэхъ лъэрызехьэ тIощым кьабгъэдэкIыу абы хуаутIыпщынущ доллар мелард 430-м щIигъу. А мылькум и нэхъыбэр кризисым зэщIищта щIыпIэхэм трагъэкIуэдэнущ.

Сыхьэт иримыкьум кьыпхуэлэжьынур

«Форбс» журналым илъэс кьэс кьытредзэ ахьшэ нэхьыбэ дыдэ къэзылрэжьа спортсмени 100-м я унэцIэхэр.

Нэгъабэ и мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ блэкIа илъэсым кьрихубзуэ ихьыбэ дыдэ къэзылтжьар американ боксёр Мэйуэзерц. Ар тIэу къудей зэуауэ аращ икIи псори зэхэту рингым зэритар зы сыхьэт ирикъуркъым. Абы щыгъуэми доллар мелуан 85-рэ кьилэжьащ. Апхуэдэ зыхуэзэфIэкIа блэкIа илъэсым нэгъуэщI зы спортсмени щыIэкъым.

ГъащIэм зытригъэгъуэсу кьыщIэкIынукъым Филиппинхэм щыщ Пакиао Мэнни. БоксымкIэ дунейпсо чемпион хьун папщIэ курыт хьэлъагъ зиIэхэм я зэхьэзэхуэм и финалым кьыщыхагъэщIа пэтми, абы зы илъэсым кьрихубдэу доллар мелуан 62-рэ кьилэжьащ.

Гольф зэпеуэмкIэ США-м и спортсмен Iэзэ Брэдли Тимоти ещанэ увыпIэр нубыдащ. Абы и хэхъуэр доллар мелуан 59,4-рэ мэхъу икIи нэгъабэрейм нэхъри доллар мелуан 16-кIэ ар нэхъ мащIэщ.

Спортсмен нэхъ къуленщэм щIыхубзитI хэхуауэ аращ. Абыхэм языхэхъуэ ди хэкуэгъу Шараповэ Мариещ. «Форбс» журналым зэритхымкIэ, а теннисисткэ тхьэIуухудым доллар мелуан 27,6-рэ кьилэжьащ.

Доллар ирыпIэм изагъэркъым

Иужьрей зэманым США-м и доллар ирымрэ Урысейм и сомымрэ я зэхуэдитыкIэм махуэ къэс хэпщIыкIыу зехьэж.

Мис аргуэруи ММВБ-м дыгъуасэ щекIуэкIа псоми я зэхуэдэ сатум зы доллар и уасэр кIэпIейкIэ 40-кIэ хэхъащ. Ар экономикэм и щытыкIэр зэрытIасхьэр кьэзыгъэльагъуэ нэщэнэщ. Иджы зы доллар сом 32-рэ кьэIэпIейкIэ 53-м поув.

Дунейпсо валютэу щыт Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и ахъшэм и уасэр щIыдэуей эзпытым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кьалъытэ щIыдагъэр кIуэ пэтми нэхъ пуд зэрыхьур. Урысейм и хэхъуэр нэхъыбэу зытещIыхьар «дыщэ фIыщIэр» хамэ кьэралхэм яришэнырщ. Нобэ щIы-дагъэм и зы баррелыр доллар 95-рэ цент 74-рэ и уасэщ. Куэд щIакъым ар долларищм фIыуэ щIигъуу зэрыщытр.

НОБЭ

t **Зи псэупIэр Iэмалышагъэкlэ зыхьуэжьи хуей хьуахэм я дунейпсо махуэщ t Дыгъэм зетыжу**

t Мэзкуу икIыу Петрозаводск кIуэ Ту-134 кхъухьлъатэр илъэс и пэкIэ кьехуэхащ. Абы иса iуэ щыту 52-м ящыщу 47-р хэкIуэдащ.

t Страсбург (Франджы) щыщIедзэ Iулъхьэм ебзыныкIэ кьыращ гупым я зэIуштэм. Ар махуищкIэ екIуэкIынущ.

t Илъэс 85-рэ и пэкIэ кьалъхуащ кинорежиссёр-мультипликатор цIэрыIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфща **Котёночкин Вячеслав.** Абы и Iэдакъэщ Iэкlщ «Ну, погоди!», «Шайбу, шайбу!», «Золотая антилопа» фильмхэр, нэгъэущIэхэр.

t Механизатор цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьжь **Къхуэтепыхьэ Мухьэмэд** 1938 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щыткIынур:

Республикэм пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Мазхуэм хуабэу градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 20 щы-Iэнущ.

Iуэхугъэр зыгъэзэжыр **ХЬЭТАУ Исламий.**

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Щыхур ныбжьэгъуншэмэ, дзыхь хуумыщI.

№113 (22.271) ● 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

● КъБР-м и Парламентым

Щ1ыналъэм ц1ыхуу къыхэхъуэмрэ хэщ1ымрэ

КъБР-м и Парламентым щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыхэхъуэ щIыху бжыгъэмкIэ 2011 гъэм и Гуэхур зыхуэдэм» теуха зэхыхьэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар** къызэ1уиха зэIущIэм хэтащ хабзэгъэувэ IэнатIэм и депутатхэр, властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, щIыпIэ самоуправленэхэм я Iыкl уэхэр, щIэныгъэлIэхэр.

Я1пэу псалъэ иратащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ затумкIэ и министрым и кIуэдзэ **Белецкая Ольгэ**. Абы жиIам къыхэгъэщIытхъэщ мыр хуэдэ бжыгъэхэр: 2012 гъэм щIышыдэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iыхъуэр мин 859,8-рэ хъущ. 2011 гъэм и гугъу пщIымэ, ди республикэм къыщалъхъуэм процент 2-кIэ, Iыхъуу исым я бжыгъэм процент 5,8-кIэ зэхъуащ.

КъБР-м узыншагъэхъуэмэныкIэ и министрым и кIуэдзэ **Гаевэ Алёнэ** абы дыщIигъащ.

- Ди республикэм дунейм щехыж щIыхъуэм я бжыгъэр, - жиIащ абы, - ику иту къэзыр псом щекIуэкIыжым тещIыхьауэ хуэдэ 1,6-кIэ щынэхъ мащIэщ. 2011 гъэм къикIыбдэу ди щIыналъэм къыщалъхъащ сабий 12.848-рэ. Ар 2010 гъэм къиуфыдэу къыгъэхъуам нэхъ рэ сабий 272-кIэ нэхъыбэщ. КъыхэгъэщIыпхъэщ, щIыхъуэм я псэукIэм, я дуней тетыкIэм къыхэкIыу къалъытэ зэшхэсым щыщу жьэн узыр (туберкулёз), фадэмрэ афиянымрэ зи акъылыр ягъэутхъуэхэр, гулъынтхуэ уз зиIэхэр ди щIыналъэм нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар. Ар нэхъыбэу я фIыщIэщ уэхэр къызэрахъэрэ Iэмалыщ1эхэр игъуэу икIи фIагъ пылъу къызэрагъэсэбэпым. Ауэ нэхъыбэ хъущ лыих къызэуэсэмрэ арклэнкIэ зи узыншагъэм егуауэхэмрэ.

Къэрал статистикэмкIэ Федеральнэ къулыкъым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Гъащтэ **Аурика** жиIари узыгъэпейтейт:

- Къалъхур тIэкIу нэхъыбэ зэрыхъуам дыщыгуфIыкI пэтми, абы арэзы укъщIынкIэ Iэмал иIэкъым! Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, ц1ыху бжыгъэм кIэрымыхуу къекIуэкIыи щхьэкIэ, ику иту зы бзылъхугъэм сабиитI къыщIэхъуэн хуейщ. Ди республикэм а мардэр гъэзэщIа щIыхъуэкым. Дызыгъэгузавэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ къалъхуа хуэд зэрылIэжри. Псом хуэмыдау ц1ыхухъуэр. Дунейм къытехьэхэм я нэхъыбэр щIалэ ц1ыкIущ. АрщхьэкIэ я ныбжьыр илъэс 15 - 16 щрикъум ирихьэлIэу, аращ хъыджэбз ц1ыкIуэхэм нэхърэ нэхъ мащIэ мэхъуж. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыхухъуэр зыщысхъыжыркъым, зыхъуэсакъыжыркъым; фадэ зи нэрыгъэр, наркотик зэзыхьэлIэхэр, зи узыншагъэм кIэлъыпыплъыжэр, гъуэгу зэжьэхэуэм хэкIуадэхэр куэд зэрыхъуэм дегъэгуазвэ. ЗэрыгуфIуэгъущи, абы къыхэкIкIэ ди хъыджэбзхэм ящыщ куэд унагъуэ ихьэфыркъым, сабиийуэ къалъхуэн хуейхэри дунеим къытемыхьэу къоно.

ЗэIущIэр зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым иIэпхъукIхэм я бжыгъэр 2011 гъэм мини 5,6-м нэсащ. Информатикэмрэ щIыналъэм и зыужьыныгъэмкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат **Бер Фэризэт** апхуэдэ щытыкIэр зэрыхэпльагъуэр къигъэльагъуэу жиIащ:

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лэжьапIэ хуэныкъуэ екIуэкIыр я нэхъыбэр щIэныгъэ, Iэщ1агъэ зиIэ ныбжьыщIэхэрщ. Абыхэм я пIэ кIиувэр Азие Курытым, нэгъуэщI щIыпIэхэм кIыпIэхукI, зи ныбжьыр илъэс 40 - 50-м нэблагъэ ц1ыху къызэрыгуэкIщ, щIэныгъэ ямыIэу, Iэпыдзалъэпыдзу затумрэ ухуэныгъэмрэ кIыщагъэсэбэпыным зи Iуэхур нэхъ тещIыхьахэр. Апхуэдэ щытыкIэм нэгъуэщI зы Iуэхугъуэри кыздешэ: ди республикэм пенсэ кIыщызыхьхэм я бжыгъэр куэд дэмыкIыу лажьэхэм нэхърэ нэхъыбэ щIыхъункIэ хъунущ. Шэч хэлъкъым ар республикэм и экономикэм зыужьэтехьэлъэнум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2015-нэ гъэ пщIондэ щIыху нэхъыбэ кIыхьэзэуэным теухуа программэр 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м кIащтауэ щытащ. Ар щIыхъэхалъхьа щхьэусыгъуэм и гугъу ищIащ КъБР-м экономикэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**:

- ЩIалэгъуалэм ящыщ куэдым, - жиIащ абы, унагъуэ щIыпIэрамыгъэпэщ щхьэусыгъуэхэм щыщщ: къахэхъуэ лэжьапIэр зэрымащIэр, псэупIэкIэ зэрыхъуэмыщIар, къащIэхъуэ щIэдзэр здагъэкIуэну сабий садхэр зэрызэпэуфыдар, нэгъуэщIхэри. Абы теухуауэ зи гугъу тщIы Программэм къыщыкIуэ «Къалъхуэм я бжыгъэр хэгъэхъуэным, сабий щапI унагъуэхэм къаралым защIиитъэщхъуэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр» зыхуэдэр IупщIу кIыщыгъэльэгъуащ. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, 2007 - 2011 илъэсыплым кIуриубдэу зи гугъу тщIы Программэр гъэзэщIэным тралъэкIуэдэн хуейуэ щытащ сом мелуан 233,5-м щыщу республикэм и бюджетым кIыхьэкIар сом мелуан 39,9-рэщ. Ар а пIалъэм кIуриубдэу къаратхэсэбэпын хуея ахъщэ бжыгъэм и процент 17,1-щ зэрыхъур. Абы Программэм инкъ иткIэ ирагъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм ящыщ куэд кIыхьэзэтригъэувыIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм Программэр гъэзэщIэным теухуауэ федеральнэ бюджетым къыхуиутIыпщIын хуея сом мелуан 331,3-м щыщу блэкIа иIъэсиплIым кIриубдэу зыри къыIэрыхъакъым, Абы нэмыщIкIэ, 2008 - 2011 гъэхэм республикэм и бюджетым кIыхухагъэкIыпхъэ сом мелуан 23,8-м щыщу узыншагъэр хъумэныкIэ министерствэм къыIэрыхьар сом мелуани 7-щ. Ар зэрыхъур зэрыщIытпхъэм и процент 29,2-щ.

Парламентым зытепсэлъыхьа IуэхугъуэхэмкIэ унафэ кIыщтащ.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Къалэнхэр яхуегъэув

Васильев Сергей Урысей Федерацэм и МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и къулыкъущIэхэм, МВД-м и ветеранхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлажьэ мунципалитетым и Жылагъуэ ветеранхэм хэтхэм ящыгъыIуэхуащ Iуэхущ1анIэм и Iэтащ1хьэ кьалэныр дзыхь зыхуащ1ар. Ар Урысей Федерацэм и МВД-м Прохладнэ къалэмкIэ и къудамэм и унафэщI къулыкъым пэрыта Макеев Эдуардщ.

Макеев Эдуард

- МАКЕЕВЫР мыбы псомкIи фIыуэ щыIэщ1 щIыпIэ къаращэкъым икIи щытыкIэм фIыуэ щыгъуазэщ, - къыхичIэщащ министрым. Зэман кIэщIым, мазитIым, къурыбдэу я ныкъ пасэу зэхъуэкIыныгъэ Iуэхугъэ зэфIахыну, абы щыгъуэми районым щыщIэ ямонтаж щытыкIэм кIэлъыплъныжь къамыгъэтIасхьэну адэкIэ кьалэн ящиIащ.

- Цыхуэхэм я сабэ зыхэлъхэр зэрякъуэ псори лэжьэн хуейщ, я къарур нэсу ирахьэлIэу. Дэлэпкъыгъэу хуэныкъуэу цIыхур полицэм къэкIуамэ, зэгъэтIылъэкI имыIэу гулъытэ хуэщIыпхъэщ, - къыхигъэщащ министрым. Апхуэдэуи ягуригъэIуащ, унафэщI гупсыс хамыхьэ лэжьакIуэхэр зэрамыгъэмащIэнур, унафэщIхэм я званиехэмрэ щIэныгъэмрэ хуэфащэ къуликъуэхэр зэрыхуагъэпытагъуэнур.

Къулыкъу дисциплинэр гъэбыдэным и гугъу щищIым, министрым ягуригъэIуащ: нэхъыбэрэ сыт хуэдэ фIыщIэ иIами, ди лэжьакIуэр чэфу рулым дзсу яубыдмэ, абы гъуэгу насыпныншагъэ къуримыкIуами, нэгъуэщI ныкъусаныгъэ гуэр къимышыами, IуагъэкIыжынущ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм къэрал кIуэщI IуэхугъэмкIэ Iэнатl Iэр зэрагъэулъийр, икIи апхуэдэхэр кьызэрызэпадынэур жиIащ.

Зы щIыналъэм щыIэ Урысей Федерацэм и МВД-м Прохладнэ куеймкIэ, Прохладнэ къалэ округымкIи и къудамэхэр зыуэ зэгуэгъэхьэным теухуа зэхъуэкIыныгъэр КъБР-м щыIэ МВД-мрэ жылагъуэмрэ зэрызэдэлажьэм и щыхьэтщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2012 гъэм мазаем и 1-м КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым зэлкъриплъхьэ щыхьэплъауэ щытащ, сыт щыгъуи хуэдэу, полицэм и зы Iэнатl Iэ щыIэным теухуауэ прохладнэдэсхэм республикэм къэрал кIуэщI Iуэхухэмкlэ и министрым зыкъызэрыхуагъэзам.

Абыхэм кьалыпэтэт къулыкъущIэхэр нэхъ мащIэ яцIрэ, хуит къэхъуа лэжьакIуэхэр цIыхухэм я щынагъуэншагъэр, жылагъуэ хабзэм къызэгъэпэщынымрэ ирагъэбыдыпIэмэ, кьалэмрэ районымрэ я унафэм щIэт, цIыху куэдым я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр зэфIэхьныр нэхъ псынщIагъуэ щынымкIэ зэкIыпIэу.

* * *

Полицэм и подполковник Макеев Эдуард Николай и къуэр 1974 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м Налшык кьалэ къыщалъхуащ. 2006 гъэм КъБКъУ-м и юридическэ факультетыр кIуихащ.

1998 гъэ лъэпкъ-рэкъэрал кIуэщI Iуэхугъэмкlэ Iэнатl Iэм щолажьэ. 2004 - 2010 гъэхэм Урысей Федерацэм и МВД-м Илщэ федеральнэ щIыналъэмкIэ и Управленэ нэхъыщхьэм и Iэнатl Iэхэм ямафэщI къулыкъу зэмылIужьыныгъэхэр щыгъэзэщIащ. 2010 гъэм и бадзэуегъуэм Урысей Федерацэм и МВД-м Прохладнэ кьалэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуващ.

ГъащIэмкIэ щынагъуэ зыпылъ Iуэхугъуэ хэхахэр щрагъэкIуэкIым къигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым и указэмкIэ «Хэкум деж щIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и 2-нэ нэхъыщIэ медалыр, «Й хахуагъэм папщIэ» медалыр къратащ.

Унагъуэщ, сабиищ иIэщ.

Къэрал кIуэщI Iуэхугъэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iэнатl Iэ.

Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ Iэнатl Iэм и щIыналъэ Iуэхущ1анIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къет

2012 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIа социально-экономикэ щытыкIэр

	2012 гъэм и япэ кварталым	2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ 2012 гъэм и япэ кварталым (проценткIэ)	2010 гъэм и япэ кварталым елытауэ 2011 гъэм и япэ кварталым (проценткIэ)
Промышленностым и лэжьыгъэр	-	135,2	121,1
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, *сом мелуан*	3501,1	123,7	102,7
Автомобиль транспортkIэ хьэлъэу ягъэIэпхъуар, *тонн-километр мелуан*	18,4	88,1	103,1
Связым и Iуэхутхьэбзэхэр, *сом мелуан*	830,0	83,6	108,4
Розницэ сатур, *сом мелуан*	16840,7	107,4	108,9
Цыхуэм пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэу хуащIар, *сом мелуан*	4222,2	106,6	105,2
«Ухуэныгъэ» лэжьыгъэ лIужьыныгъэкIэ зэфIагъэкIар, *сом мелуан*	855,4	133,1	152,9
ПсэупIэ унэу хьэшр ящIар, метр зэбгъуэнатIэ *мин*	32,7	101,0	101,7
ЩхэхуакIэ уасэхэр зэрыхъуар, *процент*	102,0	104,4	112,3
Промышленностым и товархэр къыщIэзыгъэкIхэм ягъэуа уасэхэр, *процент*	95,9	107,0	117,3
Ипхэшпlэкlэ къыщIэкIым тещIыхьауэ ахъщэ хэхъуэр	-	107,3	101,4
Ику иту зы лэжьакIуэм хуатха мазэ лэжьапIэр (хьэрычэт Iуэху мыин зезыхьэ Iэнатl Iэхэм хэту):			
номинальнэу	14701,9	125,1	111,2
иIэжьпIэкIэ къыщIэкIым тещIыхьауэ	-	119,6	99,0
Лъэхъэнэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьапIэ ямыIэу официальнэу ятхахэм я бжыгъэр, *цIыху мин*	11,0	82,1	64,1

2012 гъэм мэлыжьхьым и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым **Статистикэмкl э и регистрым** организацIэу, абыхэм я филиалу е я Iэнатl Iэ пыгъэщхьхуXлауэ 12.409-рэ итащ.

Статистикэ регистрым иг организацIэхэм я зэхуэдитIым щIигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ кьигъэсэбэп Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Iэнатl Iэм (процент 22,3-рэ), сырьем елэжь Iэнатl Iэм (процент 13,3-рэ), мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я Iэнатl Iэхэм (процент 10,7-рэ), ухуэныгъэм (процент 8,7-рэ) щыIащ.

Хозяйствэ зезыхъэ субъекту 9.149-р (учетым ита псомэ я процент 73,7-р) унейщ. Абыхэм ящыщу нэхьыбэ щыIэщ опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ кьигъэсэбэп Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Iэнатl Iэм (процент 27,6-рэ), сырьем елэжь Iэнатl Iэм (процент 15,9-рэ), мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я Iэнатl Iэхэм (процент 13,6-рэ).

2012 гъэм и япэ кварталым **промышленностым и продукцэр** 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 135,2-рэ мэхъу.

Промышленностым и продукцэм къыщIигъуар сыфыем елэжь Iэнатl Iэхэм я предприятэхэм кьызэрыгъэпэщащ. Абыхэм къыщIагъэкI продукцэр процент 142,9-кIэ нэхъыбэ щIащ. Продукцэу къыщIагъэкIым хэзыгъэхъуахэм ящыщщ ерыскъыхьэкI, абыхэм псы зэмылIужьыныгъэхэмрэ тутыныжьэ яхэту, щащI Iэнатl Iэхэр (абыхэм изгъэфэ и ипхъэзэ зэманым елытауэ дызэрыт ильэсым и япэ кварталым продукцэу хуэдэ 1,7-кIэ нэхьыбэ ягъэхъызыращ), электрообороднэ, электрон, оптикэ оборудованэ зыщI предприятэхэр (хуэдэ 1,7-кIэ), химием и Iэнатl Iэм хиубыдэ Iуэхущ1анIэхэр (процент 48,3-кIэ нэхъыбэ), металлым елэжь, металлым кьыхущIыкIа пкыныгъэ хъэзырхэр къыщIэзыгъэкI предприятэхэр (процент 20,3-кIэ нэхъыбэ).

ХъуГъуэфIыгъэуэ къыщIахьыр нэхъыбэ зэрыхъуар (2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ 2012 гъэм и япэ кварталым - процент 107,6-рэ) кьыпатIуащ мыкъэ-щIащхъуэ зэхэлъ, пшащхъуэ, яIагъуэу нэхъыбэ кьызэрыщIахам.

Электрокъарур, газыр, пщыр къэзылэжь, тезыгуашэ предприятэхэм я продукцэми процент 0,6-рэ кьызэрыщIигъуар кьыпэжыащ электрокъарууэ нэхьыбэ (процент 101,8-рэ) кьызэралэжьам.

2012 гъэм и япэ кварталым **ахъщэ яIэ Iэнатl Iэм ехьэлIауэ** сом мелуан 855,4-рэ и уасэ, е абы я япэ ита ильэсым и япэ кварталым елытауэ процент 133,1-рэ ирагъэкIуэкIащ.

2012 гъэм и япэ кварталым псори зэхэту **псэупIэу метр** зэбгъуэнатIэ мин 32,7-рэ **хьэзыр ящIащ**. 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ ар 1 проценткIэ нэхъыбэщ. Кьуажэхэм псэупIэ унэу метр зэбгъуэнатIэ мин 10,3-рэ хьэзыр щащIащ, ар 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 17,1-кIэ нэхъыбэщ. ПсэупIэу хьэзыр хъуа псомэ ящыщу метр зэбгъуэнатIэ мин 30,2-е хьэзырхъуа псэупIэхэм я процент 92,3-р зыщIар унейуэ ухуэныгъэ езыгъэкIуэкIахэрщ.

КьызэрабжамкIэ, **мэкъумэш продукцэ кьэзылэжь псомэ** 2012 гъэм и япэ кварталым мэкъумэшхэмкIэ сом мелуани 3.501,1-рэ и уасэ е 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 123,7-рэ кьалэжащ.

Республикэм и мэкъумэш организацIэхэм гъатхэсэ лэжьыгъэхэм щIадзащ. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министерствэм кьызэритамкIэ, 2012 гъэм мэлыжьхьым и 28-м ирихьэлIэу гъатхэсэ кьэкIыгъэхэр гектар мин 13,8-м хальхъащ, 2011 гъэм и апхуэдэ зэманым хуэзэу гектар мин 14,8-рэ трасаеу щытащ.

Iэщ лIужьыныгъэ нэхьыщхьэхэм (кхъуэм нэмыщI) я бжыгъэм 2012 гъэм мэлыжьхьым и 1-м ирихьэлIэу республикэм и хозяйствэ псомэ щыIэхьхъащ икIи былымыр мин 276,1-рэ (2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 113,3-рэ), абы щыщу жэмхэр мин 135,8-рэ (процент 120,4-рэ), кхъуэжр мин 54,5-рэ (процент 97,9-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 379,1-рэ (процент 109,8-рэ) мэхъу.

Цыхуэм я унейщIэнхэм щыIагъщ былымым и процент 70,7-р, жэмхэм я процент 73,3-р, кхъуэжм я процент 13,8-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 55,4-р.

2012 гъэм и япэ кварталым мэкъумэш организацIэхэм я былымым процент 0,1-рэ (2011 гъэм и япэ кварталым - процент 0,4-рэ), кхъуэжм процент 0,1-рэ (процент 5,2-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ процент 0,1-рэ (процент 0,1-рэ) хэлъкIащ. Iэщ лIужьынIэну 100-м кьалъхуи кIэрыхуащ, кьапщтэмэ, шкIэхэм процент 11,8-кIэ, щынэхэмрэ чыщIхэмрэ процент 5,9-кIэ, кхъуэжм процент 21,1-кIэ.

Хозяйствэ псомэ **Iэщ1эжкI лIужьыныгъэ нэхьыщхьэхэм** ящыщу кьыщIалэжащ:

	2012 гъэм и япэ кварталым	
	тонн мин	2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ (процентkIэ)
Iыуэ (яукIын папщIэ ягъэшха Iэщыпмрэ джэдкьаIымрэ зэрыпсэуэу щэчау)	16,6	132,2
Щ1ыуэ	79,5	118,0
Джэдькlэу, *мелуан*	35,0	105,6

Уней щIапIэхэр зезыхъэ цIыхухэм лым и процент 37,9-р, гъэшм и процент 66-р, джэдькIэм и процент 78,4-р, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэкIэхъуэ хъэрыкъутыщIхэмрэ лым и процент 21,9-р, гъэшм и процент 18,5-р, джэдькIэм и процент 0,6-р кьалэжьащ.

Мэкъумэш организацIэхэм Iэщыпмрэ джэдкьаIымрэ кьыпах хъерым кIэрыхуащ. 2012 гъэм и япэ кварталым зы **жэмым хуэзэу щэуэ** килограмм 960-рэ (2010 гъэм и япэ кварталым елытауэ процентыр 3,2-кIэ нэхъ мащIэ) кьыщIапащ, **джэд къэс хуэзэу джэдькIэу** 54-рэ (процент 6,9-кIэ нэхъ мащIэ) кьыщIахащ.

2012 гъэм мэлыжьхьым и кIэухым ирихьэлIэу **Iэщыр мэкъумылэр Iуэныкъэкlэ** нэхъыфIу кьызэрэпэщауэ щытащ 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ. 2012 гъэм мэлыжьхьым и 1-м ирихьэлIэу мэкъумэш организацIэхэм зы Iэщым тещIыхьауэ Iуэныкъэ центнери 7 яIащ, 2011 гъэм мэлыжьхьым и 1-м яIауэ щыта центнери 6,1-м и пIэкIэ.

Коммерческэ хьэлъэхэр автотранспортkIэ кьеныщхьI организацIэхэмрэ хъэрычэтыщIхэмрэ 2012 гъэм и япэ кварталым кIриубдэу хьэлъэу тонн мелуан 0,5-рэ ягъэIэпхъуащ, ар 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 8,1-кIэ нэхъыбэщ. Хьэлъэу тонн-километр мелуан 18,4-рэ хэрашэкIащ, ар процент 11,9-кIэ нэхъ мащIэщ.

АвтобусхэмкIэ, маршрутхэм тет таксомоторхэмкIэ щыIэ мелуан 11,2-рэ, тролейбусхэмкIэ щыIэ мелуан 0,6-рэ кьрашэкIащ. Псомэ кьагъэзэгъэн пассажир автомобиль транспортым и зэфIэкIыр пассажир-километр мелуан 97-м нэсащ.

КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м кьызэритамкIэ, автомобиль гъуэгуэхэм, жылагъуэхэм я уэрамхэм автотранспортым пыщIауэ кьыщIхъуэ щIэщхъуэхэм хэхъуащ. Апхуэдэ кьэхъукIащIэу 2012 гъэм и япэ кварталым 171-рэ, 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 7,5-кIэ нэхьыбэ ятхащ. Гъуэгуэхэм щIыху 38-рэ щыхэкIуэдащ.

Республикэм связымкIэ и организацIэхэм 2012 гъэм и япэ кварталым Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIар сом мелуан 830-р и уасэ хуэдэ яхуащIащ. А лжьыгъэр идкьыпсту зекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ 2011 гъэм и япэ кварталым елытытмэ, процент 16,4-кIэ нэхъ мащIэщ. Связым и Iуэхутхьэбзэ псомэ ящыщу цIыхуэхэм хуащIар сом мелуан 780,4-рэ и уасэ хуэдэ яхуащIащ, ар 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ ар процент 11,3-кIэ нэхъ мащIэщ. Связым и Iуэхутхьэбзэу цIыхуэхэм хуащIхэм я уасэхэм я зэманым кIриубдэу процент 13,3-кIэ хэхъащ.

2012 гъэм и япэ кварталым республикэм и щхэхуакIэ рынокым щащIа **розницэ сатур** 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 107,4-рэ мэхъу икIи псори зэхэту сом мелуан 16.840,7-рэ и уасэщ.

Розницэ сатум зэфIигъэкIа псомэ я процент 32,5-р кьызэрагъэпэщащ бзэрэхэмрэ жармыкIэхэмрэ. ЕрыскъыхьэкIыу, фадэрэ псыкъэ, тутыныжь цIыхуэм иращащ сом мелуан 8.017,3-рэ и уасэ, ар товар бжыгъэкIэ кьапщтэмэ, 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 9,2-кIэ нэхъыбэщ; ерыскъыхьэкIэм химиубыдэ товару сом мелуан 8.823,4-рэ и уасэ е блэкIа зыхуэфащэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 5,8-кIэ нэхъыбэ ящащ. Розницэ сатур и зэхэлъкIэкIэ кьапщтэмэ, фадэр, псыкъэкIэр, тутыныр хэту, ерыскъыпхъэу ящэр 2012 гъэм и япэ кварталым процент 47,7-рэ, ерыскъыпхъэхэм химиубыдэ товарэр процент 52,3-рэ мэхъу.

Опт сатууэ экономикэм пыщIа организацIэ псомэ я процент 3,1-р и япэ кварталым ящIар сом мелуан 4.467-рэ и уасэ мэхъу, товар бжыгъэкIэ кьапщтэмэ, ар 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 22,1-кIэ нэхъ мащIэщ.

ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу республикэм и цIыхуэхэм 2012 гъэм и япэ кварталым сом мелуан 4.222,2-р и уасэ хуащIащ, 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ ар процент 6,6-кIэ нэхъыбэщ.

ПщIэкIэ цIыхуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу увыпIэ нэхъыщхьэ яубыдэ транспортым, связым я Iуэхутхьэбзэхэм, унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэм. Аха Iуэхутхьэбзэ псомэ я процент 68-м щIетащ.

Унагъуэ Iуэхутхьэбзэу сом мелуан 478,8-рэ и уасэ зэфIагъэкIащ, зекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ 2011 гъэм и япэ кварталым елытауэ процентыр 101-рэ мэхъу. ПщIэкIэ ялъэ Iуэхутхьэбзэхэм псомэ я процент 53-м щIигър псэупIэхэр хууэныкIэ, зэгъэпэщыжьныкIэ Iуэхутхьэбзэхэрщ.

Урысей Федерацэ псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми 2012 гъэм и япэ кварталым щыкъэхъуащ **товархэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ щIат уасэхэм**. Зэрыщыту кьапщтэмэ, 2012 гъэм и япэ кварталым кьрыубдэу щхэхуакIэ уасэхэм процентыр 102-м (зэрыщыту Урысейм процентыр 101,5-м) нэсу заIэтащ. ПщIэкIэ ялъэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр процент 0,3-кIэ (Урысейм - процент 0,6-кIэ), ерыскъыпхъэхэм - процент 3,6-кIэ, (Урысейм - процент 2,3-кIэ), ерыскъыхэкIыу щымыт товарэхэм процент 1,3-кIэ (Урысейм - процент 1,2-кIэ) нэхъ лъапIэ хъуащ.

ЕрыскъыхэкIэхэм ящыщу ильэсыр кьызэрыгъэпэхуэр нэхъ лъапIэ хъуащ лымрэ джэдкьаIымрэ, пхъэщхьэмыщхьэм, мэракIуэм кьыхущIыкIа консервхэр, лы консервхэр, крупамрэ джэрщхэкIхэмрэ, тхъуцIынэр, маргариныр, щIакхъуэр, щIакхъуэхэкI зэмылIужьныгъэхэр, фадэр, майонезыр, нэжульхэмрэ Iофыкl эхэмрэ, кхъуейр, шейр, кофер, бдзэжьейр, сэхуран дагъэр, щыгъур, шэр, гъэшхэкIэр, нэгъуэщIхэри.

Я уасэхэм кIэрыхуащ сэхуран дагъэм, тхъуцIынэм, пхъэщхьэмыщхьэм кьыхэщIыкIа консервхэм, крупам, джэшхэкIэм.

Ерыскъыпхъэхэм щымыщу зыкIэлъыплъ товархэм ящыщу дызэрыт илъэсым и пщIэдзэм нэхъ лъапIэ хъуащ школхэм кьыщагъэсэбэп зэрытхэ Iэмэпсымэхэр, зэрыкьыщIэ, зэрытхъэщIэ хуэIухуащIэхэр, печатым и продукцэр, уэхуныгъэм ирахьэлIэ материалхэр, тхылъымпIэр, щэкIэхэр, тутыныр, электроIэмэпсымэхэмрэ унагъуэхэм кьыщагъэсэбэп адрей Iэмэпсымэхэмрэ, парфюмериер, хущхъуэхэр, унэлъащIэр, автомобиль псыщIэхэр, щэкI эIущам кьыхэщIыкIа хьэпшыпхэр, вакъэхэр, щыгъынхэр, нэгъуэщIхэри.

ЦIыхуэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу зи уасэ хэхъуахэм ящыщщ санаторэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр, медицинэ, щэнхабэ Iуэхущ1анIэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр, унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэр, ельэдэжьныгъэм, связым я Iуэхутхьэбзэхэр.

Пассажир транспортым и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэм кIэрыхуащ.

2012 гъэм мазаем и кIэухым хуэзэу республикэм и экономикэр зыхэта гугъуехьэхэм ящыщщ **щIыхуэхэм я Iуэхур**. ОрганизацIэхэм кьалэн зыщIыжьажьмкIэ щIыхуэу ятельар сом мелуани 2.905,4-рэ е щIыхуэ псомэ я процент 9 хъуэу щытащ. Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа щIыхуэ псомэ ящыщу кредитор щIыхуэр процент 93,8-рэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкIэ щIыхуэр процент 6,2-рэ мэхъу.

Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэу 2012 гъэм мазаем и кIэухым сом мелуани 2.724,4-рэ щыIащ. Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэ псомэ я зэхуэдитIым щIигъур (процент 73,4-р) кьыхурагъэща продукцэм, ирагъэщIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм ящыщу къатенащ.

Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэу 2012 гъэм мазаем и кIэм ирихьэлIэу сом мелуани 3.086,3-рэ щыIащ. Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэм и процент 43,5-р хурагъэща товарэм, хуащIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэу щухуакIуэхэм кьрамыльжьхэрщ.

ЦIыхуэхэм псори зэхэту кьаIэрыхьэ ахъщэ хэхъуэр 2012 гъэм и япэ кварталым сом мелуан 29.876-м нэсащ икIи блэкIа илъэсым и апхуэдэ зэманым елытауэ процент 11,7-кIэ нэхъыбэщ.

2012 гъэм и япэ кварталым дэтхэнэ цIыхуми ику иту хэхъуэу мазэ кьэс сом 11.592,5-рэ кьыIэрыхьащ.

КъыщIэкIым тещIыхьауэ кьапщтэмэ, **ахъщэ хэхъуэхэр** (фIэкIыпIэ зимыIэ платежхэр хагъэкIауэ, щхэхуакIуэ, уасэхэм зэрызэхъуэжыр кьэзытауэ) 2012 гъэм и япэ кварталым процентыр 7,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Социальнэ ахъщэр хэмыту, 2012 гъэм и щIышылъэ-мазае мазэхэм (хьэрычэт Iуэху мыинрэ и Iэнатl Iэр хиубыдэу) дэжьакIуэхэм ику иту хуатх улахуэр сом 14.701,9-м нэсащ икIи 2011 гъэм и апхуэдэ зэманым елытауэ процент 25,1-кIэ нэхъыбэ хъуащ. КъыщIэкIым тещIыхьауэ кьапщтэмэ, курыт лэжьапIэр (хуатхэр) процент 19,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

2012 гъэм щIышылъэ-мазаем мазэхэм лэжьапIэр финансэ гъэпсыкIэ щыIэ

Щхьэгъэпсэу Iилэ и Iуэрыуатэр

Iилэ имыльэгъуа игъэIуу, къэмыхъуа иIуатэу жызыIэ щыIахэщ, иджыри щыIэу къыщэкIынщ. Ар щыIуупсу, цIыху кьигъапIэу щытакъым. ПщыIуупсыщIэр ары и Iуэрыуатэр кьыдыгурымыIуэ акъыи пэмжхэгащ. Iилэ теухуа пэж фыкуеIимэ, сэ ар нывжесIэну сыкъэзыIущ.

Щхьэгъэпсэу Машэ и кьуэ Iилэ и Iуэрыуатэр уэршэрэгъуэхэр тригъэуН мурадкIэ езым кьигупсыса, зэхихьхьа, зригъэжIуа сюжетэу, пхъхь пыуухыкIауэ жыIэмэ, езым акъылкIэ зэхихьхьа псысэщ, таурыхъщ. Дыдэрысабий льандэрэ дыдэзыхьхьэщу дыдэдаIуэу, дыдэджэ таурыхъхъэм Щхьэгъэпсэуэм и псысхэр кьаэзэрыгуэжIыр зыщ - ныуатэ сюжетхэм есы Iилэ персонажу зэрыгъэуэвгъэщ. Ар кьыдэзрагъапIэ Iэмалу кьэлпныгтэныр щIэныгъэншагъэщ, гупсысеншагъэщ. Iилэ и псысэ сюжетхэр кьэхъуа Iуэхутэуэ зэрыщIымытыр езы Щхьэгъэпсэуэм ещIэж, и Iуэрыуэрэгъуэхэмк кьагуроIуэ. Апхуэдэ уэршэрым (сюжетым) зыри кьигъапIэркъым, хьэкъым бгъэдишырыкъым, щигъауэркъым, цIыхур тригъэу, игъидыкъэшх, игъэгупсысэ мыхьэмэ. Iилэ зищIыкъым дыхуеIимэ, ар псысэуэ Iэзэу арат. Апхуэдэ псысэуэ кьабзэу щытащ Кьуэдзокьуэ ТIалибби, Бетрожь Хьэмели, Нот Муэзэчыри, Нэгъуей Лыкъыни, Ныр Хьэжмырзи... Абыхэм кьащIэна сюжетхэр ди гъэзэджэм хэувэ Iыхьэщи гъэлъапIапхэщ, езы псысэусхэмя я цIэхэр къэIэтын хуейщ.

Иджы псысэусым щIыупс фIэзыщIхэр изыгъэкIуэтыжьын псалъэ. «Си анэр кьыщамышам си анэшым срашы бзыхьэт...» жиIэу кьыргажьэу сюжет тельыджэм фыщыгъуаэзкъэ? Ар къэхьункIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъэу зыбжанэу зэхэлъ щIыпс псысэщ, удихьэхэр унгъэгупсысэу. А таурыхъыр кьыщежьам и жыIэр Алыхьым ещIэ! Ятlанн ар адыгэм ямыгъэкIуэдыжу яхьумэ. А фабулэр зэхэзылъхьэу езышэжьар Щхьэгъэпсэу Iилэ, Кьуэдзокьуэ Тlалиб сымэ хуэдэ псысэусщ е, фи псалъэкIэ жыIпэмэ, «щIыупсщ». Абы и «щIыр», зэрыфIэщIэщи, тельыджажьэ зыбжанэу зэпыгъэзывуэ (фонащэ кIуэцIым пс тхьэкIумэкIыхьыр щаКIуэм кьрихуэкIыу, бжьэхэр жыг яIуэу жыгыщыхъэм тету, шыпхэм жыгышхуэ кьытекIарэ Шур абы и жьаум щIэсу, псым хэс бдзэжьейхэм ху кIытэм фадэ кьыхущIыкIыу...) - апхуэдэпцIыр тхакIуэ щэджащхэм кьахуэгупсысынкъхуэумыгупсысынщ. Апхуэдэ псысэм инри щIыкIури йодаIуэ, я тхэкIуэгъэгупсысу тыщ зкъуэу, дыкъыбгъапIэ жамыIэу, сюжетым и тельыджагъэр игъэщIагъуэу. Апхуэдэ «пцIы» тельыджэ защIэу зэхэлъщ нэмыцэм зэрызагъэщIагъуэ баron Мюнхгаузен, Шельмуфскэм, Ганс Сакс сымэ я шванкэр. Нэмыцэ шванкэр, абы хуэдэ французкъ фаблиохэр, дунейм тез хьуа анекдотхэр, пцIыщ жаIэу ямыгъэпуду, тхылъ кьыдагъэкI, ящэ, акъыл кьыхах, абы хэм теухуауэ щIэныгъэ хьэхуэгъэнысыгъэхэри ятх. АдыгэбзэкIэ жыпIэмэ, ахъэр сэмркъэуцIу, дыдейхэм я нэхъыбэр псысэщ, сюжет укъуэдияуэ.

Кьагупсыса, кьэмыкуа сюжетхэм пцIы фIэнщу уельэпэуэныр IущыгъэкIыж. Фэ фщIэрэ пцIым теухуауэ Нобель саугъэтым и лауреат Хемингуэй Эрнест жиIар? «Уэ кьыжкIэпIэфым цIыхум пцIы щIауПсыр? - жи а тхакIуэшхуэм. - Хьэуэ, жыпIэну ухэмыт! Сэ езым сощIэ ар. Нэхъыбэу ар кьыдзыжьыну щхьэгъэнгъуэ зэхуэу, дыкъыбгъапIэ жамыIэу, сюжетым и тельыджагъэр игъэщIагъуэу. Апхуэдэ «пцIы» тельыджэ защIэу зэхэлъщ нэмыцэм зэрызагъэщIагъуэ баron Мюнхгаузен, Шельмуфскэм, Ганс Сакс сымэ я шванкэр. Нэмыцэ шванкэр, абы хуэдэ французкъ фаблиохэр, дунейм тез хьуа анекдотхэр, пцIыщ жаIэу ямыгъэпуду, тхылъ кьыдагъэкI, ящэ, акъыл кьыхах, абы хэм теухуауэ щIэныгъэ хьэхуэгъэнысыгъэхэри ятх. АдыгэбзэкIэ жыпIэмэ, ахъэр сэмркъэуцIу, дыдейхэм я нэхъыбэр псысэщ, сюжет укъуэдияуэ.

Кьагупсыса, кьэмыкуа сюжетхэм пцIы фIэнщу уельэпэуэныр IущыгъэкIыж. Фэ фщIэрэ пцIым теухуауэ Нобель саугъэтым и лауреат Хемингуэй Эрнест жиIар? «Уэ кьыжкIэпIэфым цIыхум пцIы щIауПсыр? - жи а тхакIуэшхуэм. - Хьэуэ, жыпIэну ухэмыт! Сэ езым сощIэ ар. Нэхъыбэу ар кьыдзыжьыну щхьэгъэнгъуэ зэхуэу, дыкъыбгъапIэ жамыIэу, сюжетым и тельыджагъэр игъэщIагъуэу. Апхуэдэ «пцIы» тельыджэ защIэу зэхэлъщ нэмыцэм зэрызагъэщIагъуэ баron Мюнхгаузен, Шельмуфскэм, Ганс Сакс сымэ я шванкэр. Нэмыцэ шванкэр, абы хуэдэ французкъ фаблиохэр, дунейм тез хьуа анекдотхэр, пцIыщ жаIэу ямыгъэпуду, тхылъ кьыдагъэкI, ящэ, акъыл кьыхах, абы хэм теухуауэ щIэныгъэ хьэхуэгъэнысыгъэхэри ятх. АдыгэбзэкIэ жыпIэмэ, ахъэр сэмркъэуцIу, дыдейхэм я нэхъыбэр псысэщ, сюжет укъуэдияуэ.

